

Tablo Kontni yo

I. Objektif	2
A. Prezantasyon	2
B. Domèn aplikasyon	3
II. Definisyon	3
III. Klasifikasyon ak Aksè nan Swen yo	5
A. Prezantasyon	5
B. Kalite Sèvis	6
1. Sèvis Ijans ak Swen Ijans	6
2. Sèvis Ki pa Sèvis Ijans, Swen Ki pa Ijans	6
C. Akizisyon ak Verifikasyon Enfòmasyon sou Pasyan yo	6
D. Responsablite Pasyan an	7
E. Règleman Kont diskriminasyon	7
IV. Faktirasyon Pasyan ak Rekouvremant	8
A. Prezantasyon	8
B. Faktirasyon pou Pasyan	8
C. Deklarasyon Pasyan, Lèt ak Apèl	8
1. Apèl ak Lèt Rekouvremant	8
2. Notifikasyon Disponibilite Asistans Finansye	9
3. Pasyan yo Pwoteje kont Aksyon Rekouvremant	9
4. Avi rekouvremant Final	9
5. Sispanasyon nan Faktirasyon	9
6. Move Dèt Emèjan	9
7. Retounen pou Move Adrès	10
8. Ajisteman Ti Balans	10
9. Avi sou Chaj anplis	10
10. Pa gen Balans Faktirasyon	10
D. Sitiyasyon Espesyal - Faktirasyon	11
1. Fayit Pasyan	11
2. Pasyan ki mouri	11
3. Aksidan Veyikil Motè (MVA) ak Responsablite tyès pati (MA)	11
4. Aksidan Veyikil Motè (MVA) ak Responsablite tyès pati (NH)	11
5. Konpansasyon Travayè	11
6. Kouvèti Segondè HSN	11
7. Dediktib pasyèl HSN	12
8. Viktim Krim Vyolan	12
V. Otorizasyon Finansye	12
A. Prezantasyon	12
B. Preparasyon Estimasyon	12
1. Estimasyon ak Bònfwà	13
C. Pasyan Asire yo	13
1. Plan Asirans sou Kontra	14
2. Plan Asirans ki pa gen kontra	14
3. Avi ak Konsantman	14
D. Pasyan ki pa gen asirans (Peye poukont yo)	15
E. Pasyan ki Gen Revni ki Fèb (Rezidan Massachusetts)	15

1. Definisyon ak Elijiblité	15
2. Limit Sèvis yo	16
3. Difikilte Medikal HSN	16
4. Responsablité Finansye Pasyan ki Gen Revni ki Fèb	16
5. Antant Detèminasyon Siti yo	17
F. Sitiyasyon espesyal pou otorizasyon finansye – Anrejistremant ak Responsablité	
Finansye Pasyan	17
1. Konpansasyon Travayè	17
2. Aksidan Veyikil Motè (MVA) ak Responsablité Tyès Pati a	17
3. Viktim Krim Vyolans ak Vyolans sou Fanm (MA)	18
4. Lwa 2010 sou Teknoloji Enfòmasyon sou Sante pou Sante Ekonomik e Klinik (HITECH)	18
5. Aplikasyon Konfidansyèl HSN	18
6. Moun ki san papye	18
7. Etid Rechèch	19
8. Donatè ògàn yo	19
9. Pasyan Entènasyon	19
G. Evènman Grav ki Dwe Rapòte (Serious Reportable Events, SRE)	19
H. Plasman Move Dèt	19
1. Rapò sou Kredi	19
2. Litij	19
3. Lyen Pwopriyete	20
4. Ajans Rekouvremant	20
VI. Aranjman Peman	20
A. Prezantasyon	20
1. Fòm Peman	20
2. Deviz	21
B. Plan Peman	21
1. Plan Peman pou Dediktib Pasyèl HSN ak Difikilte Medikal	21
VII. Balans kredi ak ranbousman	21
Anèks A: Antite ki asosye nan Mass General Brigham	22
Anèks B: Aplikasyon pou Asistans Finansye	23
Anèks C: Rapò, Odit, ak Konfòmite ak Règleman	24

I. Objektif

A. Prezantasyon

Antite Mass General Brigham (MGB) yo se antite ki gen franchiz enpo, ki gen pou misyon prensipal bay sèvis ak tout moun ki bezwen swen medikal. MGB ap fè efò pou asire l yo pa refize bay pasyan ki bezwen sèvis ijans yo ak sèvis medikal ki nesèsè yo paske yo pa gen kapasite pou yo peye, epi pou kapasite finansye moun sa yo pa anpeche yo chèche oswa resevwa swen. Sepandan, pou antite Mass General Brigham yo kontinye bay bonjan kalite sèvis epi reponn ak bezwen kominote a, chak antite gen responsablité pou chèche peye rapid pou sèvis kote yo pèmèt yo fè prelevman epi yo pa an kontradiksyon ak règleman Commonwealth nan Massachusetts yo (MA) ak New Hampshire (NH) oswa règleman federal yo ki gen ladan lwa sou Tretman Medikal Ijans ak Travay (EMTALA).

Dokiman sa a esplike pwosesis rekouvremen depans medikal MGB ap fè sou kont endividyèl pasyan yo - ak potansyèl ajans rekouvremen ekstèn MGB kenbe yo- epi etabli pratik ki konsistan pou rekouvremen yo ([Seksyon IV](#)), èd pou moun ki pa kapab peye (pa mwayen plan peman oswa asistans finansye) ([Seksyon VI](#) epi [Seksyon IV\(C\)\(2\)](#), oswa potansyèl aksyon legal yo ([Seksyon V\(H\)](#)).

B. Domèn aplikasyon

Règleman sa a aplike pou antite Mass General Brigham yo ki endike nan [Anèks A](#).

Remak: Doktè ki asosye ak antite sa yo, men ki voye fakti "an prive" yo ankouraje yo, men yo pa oblije, swiv règleman sa a. Ou ka jwenn detay yo nan lis founisè ki afilye nan Mass General Brigham.

II. Definisyon

Sèvis Sante Konpòtmantal: Sèvis ki nesesè sou plan medikal ki konsantre sou sante sikolojik ak mantal pasyan an epi yo ka bay yo nan plizyè anviwònman kote y ap bay swen.

Sèvis ochwa: Sèvis ki nesesè nan domèn medikal ki pa koresponn ak definisyon nouvo sèvis oswa sèvis ljan yo. Pasyan an, jeneralman, planifye sèvis yo davans, men pa yon fason ki konplè.

Sèvis Ijans: Sèvis medikal ki nesesè yo bay apre yon pwoblèm medikal prezante, kit se fizik oswa mantal, ki prezante sou fòm sentòm ki vrèman grav, tankou yon gwo doulè, yon fason pou menm yon pwofàn ki pridan ki gen yon konsepsyon mwayèn sou sante ak medsin ta ka prevwa, yon fason ki rezonab, yon mank swen medikal rapid, ki ka mete sante moun nan oswa yon lòt moun an danje yon fason ki grav, deranje yon fason ki grav fonksyon kò a oswa ki prezante yon move fonksyonman yon ògàn oswa yon pati nan kò a oswa, ki gen rapò ak yon fanm ansent, jan sa te deja defini nan seksyon 1867(e) (1) (B) nan Lwa Sekirite Sosyal, 42 U.S.C. § 1295dd(e)(1)(B). Yon egzamen depistaj medikal ak tretman pou pwoblèm medikal ijan oswa nenpòt lòt sèvis tankou sa yo bay nan limit yo egzijè yo dapre Lwa sou Tretman Medikal Ijans ak Travay **EMTALA** (42 USC 1395(dd)) kalifye kòm Swen Ijans.

Sèvis ijans yo genyen tou:

- Sèvis yon pwofesyonèl medikal ki gen lisans detèmine se yon ijans
- Swen medikal pou pasyan ki entène yo ki asosye ak swen ijans pou pasyan ekstèn yo; epi,
- Pasyan ki entène ki transfere soti nan yon lòt lopital swen grav pou ale nan yon lopital Mass General Brigham pou bay swen ak pasyan ki entène ki pa disponib nan lòt fason.

Move dèt ijans: Yon klasifikasyon kont pasyan yo soumèt bay Massachusetts Health Safety Net (HSN) dapre kritè yo dekri nan 101 CMR 613.06(2) kote se HSN ki responsab swen san konpansasyon.

Gid Federal pou Revni Povrete (FPG): Yon dispozisyon pou revni Depatman Sante ak Sèvis Sosyal yo (HHS) pibliye chak ane. Yo itilize enstriksyon sa yo pou detèmine kalifikasyon pou kèk pwogram ak avantaj (tankou Medicaid).

Asistans Finansye: Yon òf anrapò ak sèvis swen sante yo bay pasyan ki kalifye yo gratis oswa ak rabè, kote bezwen finansye yo dokimante ak verifye, ki koresponn ak kritè ki etabli nan règleman sa a.

Rabè pou Asistans Finansye: Ajisteman nan balans pasyan yo ki fèt dapre sitiyasyon finansye pasyan an selon Règleman Asistans Finansye a. Tout rabè pou Asistans Finansye dwe an akò ak règleman eta a ak federal yo ki gen ladan IRS 501 (r).

Konseye Finansye: Reprezantan ki responsab pou evalye responsablite yon pasyan, idantifye ak fasilite opsyon finansman piblik yo (Medicare, Medicaid, elatriye), detèmine si pasyan an kalifye pou asistans finansye, epi etabli plan peman.

Konsèy Finansye: Sèvis yo bay pasyan ki pa gen ase kouvèti asirans, ki pa kapab peye dèt yo evalye/rechèl yo anvan tretman an, oswa ki gen gwo aryere.

Pasyan ki pa gen gwo revni: yon moun ki se yon rezidan nan Commonwealth nan Massachusetts e ki bay dokiman ki montre ke Modified Adjusted Gross Income (MAGI) nan MassHealth Household li a egal ak oswa mwens pase 300% FPL la. Gid Povrete Eta New Hampshire a se 250% FPL.

Move dèt Medicare: Depans CMS/Medicare pèmèt lopital yo fè reklamasyon pou pifò ko-asirans ak franchiz Medicare ki poko peye, depi yo trete balans lan konplètman selon sik faktirasyon ki etabli pou peman otonòm oswa yo detèmine pasyan an pa gen mwayen anrapò ak balans la. Detèminasyon sitiyasyon povrete a dwe baze sou nivo revni pasyan an epi sou yon egzamen byen li genyen ki disponib yo, ki an jeneral, pa gen ladan yo machin yo ak rezidans prensipal li ak yon minimòm kont labank/chèk.

Sèvis Medikal Nesèsè: Sèvis nou ka atann, yon fason ki rezonab, pou anpeche yo fè dyagnostik, anpeche maladi yo vin pi grav, soulaje, korije oswa geri maladi ki mete lavi an danje, ki lakòz soufrans oswa doulè, ki pwovoke yon defòmasyon oswa yon move fonksyonman fizik, ki menase pwovoke oswa agrave yon andikap, oswa ki ka lakòz maladi oswa enfimite. Sèvis Medikal Nesèsè yo gen ladan sèvis pou pasyan ki entèn ak pou pasyan ekstèn yo jan sa otorize selon Tit XIX nan Lwa Sekirite Sosyal la.

Lòt Sèvis: Sèvis kote yo pa t montre nesèsite medikal ak klinisyen egzaminatè a oswa kote kalifikasyon pasyan an pou sèvis la ka pa koresponn ak definisyon jeneral plan asirans yo pou reponn ak kritè prensipal anrapò ak nesèsite medikal pou sèvis la. Lòt Sèvis yo gen ladan tou sèvis anpil plan asirans pa konsidere kòm sèvis Medikal Nesèsè ki pa sèlman gen ladan yo: Chiriji Estetik, Fekondasyon anndan (In-Vitro Fertilization, IVF) oswa lòt Tretman Repwodiksyon Avanse (Advanced Reproductive Therapy, ART), Sèvis Gastrik Bypass san detèmine nesèsite medikal yon moun k ap peye genyen, ansanm ak eleman pou fasilite pasyan yo, tankou ki gen rapò ak sèvis lannwit yo ki depase bezwen yo genyen nan domèn swen medikal oswa sèvis lannwit pou pasyan (ki entèn oswa ki entèn pou yon ti tan) kote nesèsite medikal yo pa etabli yon fason klè.

Solisyon Faktirasyon pou Pasyan (Patient Billing Solutions, PBS): Depatman Mass General Brigham ki responsab tout pwosesis sik revni pou peman otonòm, ki gen ladan yo Sèvis Kliyantèl, Prelèvman, Detèminasyon Asistans Finansye (ki pa WDH ki gen detèminasyon ki fèt nan antite sa) ak tretman, tretman Move Dèt, kredi/ranbousman pasyan yo ak pwosesis ki asosye yo.

Dèt Pasyan an: Responsablite finansye ki gen rapò ak etablisman/founisè a kòm rezilta pou resevwa sèvis swen sante; yo detèmine montan an selon avantaj asirans yon pasyan pou sèvis espesifik yo prevwa a; ki gen ladan franchiz, kopeman, ko-asirans, ak sèvis ki pa kouvri.

Swen Aktif Pwolonje: sèvis medikal ki nesèsè, ki gen ladan sèvis reyabilitasyon, yo bay nan yon lopital yo klase kòm swen aktif pwolonje.

Peman otonòm: Pasyan yo idantifye kòm pasyan ki pa gen okenn kouvèti asirans oswa ki chwazi pou kouvèti asirans yo genyen yo pa kouvri pou sèvis/evènman espesifik yo.

Pasyan ki pa gen asirans: Yon pasyan ki pa gen okenn asirans sante an vigè pou yon dat espesifik pou yon sèvis oswa kote kouvèti yo a pa an vigè pou yon sèvis espesifik akòz limit rezo a, elimine avantaj asirans yo oswa lòt sèvis ki pa kouvri yo.

Pasyan asirans yo pa sifi: Yon pasyan ki gen kèk asirans oswa yon lòt sous peman, kote depans pèsònèl yo depase kapasite l genyen pou l peye.

Swen Ijans: Sèvis medikal ki nesesè yo bay apre aparisyon bridsoukou yon pwoblèm medikal, kit se fizik oswa mantal, ki prezante sou fòm sentòm ki vrèman grav (tankou gwo doulè) kote yon pwofèsyonèl pridan ta ka panse absans swen medikal nan lesplas 24 èdtan ta ka, yon fason rezonab: mete sante pasyan an danje, deranje fonksyonman kò a, oswa lakoz nenpòt ògàn oswa pati nan kò a mal fonksyone. Yo bay swen ijan pou pwoblèm ki pa mete lavi an danje epi ki pa reprezante yon gwo risk pou gen gwo dega sou sante yon moun.

Pasyan ki pa etènè: Nivo swen pou pasyan ki etènè se lè yon pasyan rantre lopital oswa nan yon lòt anviwònman swen pou tretman ki mande pou l omwen pase yon nwit. Pasyan ki etènè yo anjeneral bezwen plis swen oswa plis siveyans ki ka gen ladan operasyon oswa tretman pou kondisyon ki pi grav.

Pasyan ki pa etènè: Nivo swen pou pasyan ki pa etènè se lè yon pasyan resevwa tretman oswa swen medikal san li pa ospitalize nan yon lopital pou l pase yon nwit, tretman ki fèt nan biwo doktè a oswa nan yon lòt klinik medikal nan yon sèl jou epi pasyan an retounen lakay li menm jou a.

Obsèvasyon: Nivo swen obsèvasyon se yon sèvis pou pasyan ki pa etènè nan lopital, li la pou doktè a detèmine si yo etènè pasyan an pou yo ba l swen oswa si yo ka voye l lakay li. Eitati obsèvasyon an baze sou nivo swen yon pasyan bezwen, pa sou longè sejou li nan lopital la. Eitati yon pasyan ka chanje si kondisyon yo amelyore oswa vin pi mal, oswa si yo bezwen plis swen mwens swen.

Inite Rekiperasyon: Yon inite lopital pou pasyan ki te gen yon pwosedi chirijikal epi ki bezwen tan rekiperasyon pwolonje oswa yon ti sejou antanke pasyan ki etènè.

* Eitati klasifikasyon pasyan an pa depann de kote pasyan an (etaj/inite) men li reprezante nivo swen an.

III. Klasifikasyon ak Aksè nan Swen yo

A. Prezantasyon

Tout pasyan ki prezante pou tretman ki pa pwograme yo pral evalye dapre klasifikasyon ki fè pati seksyon sa a. Yo pa dwe refize oswa retade sèvis ijans oswa swen ijans lopital yo sou baz kapasite MGB pou idantifye yon pasyan, kouvèti asirans li oswa kapasite l pou peye. Sepandan, sèvis sante ki pa sèvis ijans oswa swen ijans yo ka retade oswa ranvwaye dapre konsiltasyon ak pèsònèl klinik MGB a nan ka sa yo lè MGB pa kapab detèmine yon sous peman pou sèvis li yo. Se yon pwofesyonèl medikal ki pral detèmine ijans tretman ki koresponn ak sentòm klinik chak pasyan yo, jan sa etabli nan estanda pratik lokal yo, estanda swen klinik nasyonal ak leta yo, ak règleman ak pwosedi pèsònèl medikal MGB yo. Anplis de sa, tout lopital yo swiv egzijans EMTALA oswa Lwa sou Tretman Medikal Ijans ak Travay yo (Emergency Medical Treatment and Active Labor Act) lè yo fè yon egzamen medikal pou detèmine si gen yon kondisyon medikal ijan.

B. Kalite Sèvis

1. Sèvis Ijans ak Swen Ijans

MGB pral bay sèvis ijans ak swen ijans san teni kont idantite pasyan an, kouvèti asirans oswa kapasite li pou peye. Anrejistreman ak admisyon pasyan nan sèvis ijans ak swen ijans yo pral fèt annakò ak egzijans EMTALA yo. Enfòmasyon demografik ak asirans pasyan yo ta dwe kolekte san pèdi tan. Sepandan, prelevman enfòmasyon yo ta dwe ranvwaye lè prelevman enfòmasyon sa yo ka retade tès medikal oswa afekte kondisyon klinik pasyan an yon fason negatif. Lè yon pasyan pa kapab bay asirans oswa enfòmasyon demografik nan moman sèvis la epi pasyan an dakò, yo ta dwe fè tout efò pou fè entèvyou ak zanmi oswa fanmi ki akonpaye l yo oswa sila yo pasyan an idantifye. Lè sa posib, yo ta dwe konfime enfòmasyon sou asirans pasyan an bay moun k ap peye a atravè yon sit entènèt moun k ap peye a oswa yon echanj done elektwonik (EDI) oswa pwosesis Elijibilite an tan reyèl (RTE).

2. Sèvis Ki pa Sèvis Ijans, Swen Ki pa Ijans

Anrejistreman ak admisyon pasyan ki pa bezwen sèvis ijans/swen ijans yo ta dwe fèt anvan pasyan yo benefisye sèvis yo. Yo dwe verifye enfòmasyon demografik, finansye ak asirans pasyan ki retounen oswa ki etabli yo epi mete yo ajou si sa nesèsè, tankou kote sa aplikab, verifikasyon estati asirans yo atravè EDI/RTE oswa lòt metòd ki disponib. Anjeneral, sèvis ki pa sèvis ijans, swen ijans yo ka klasifye an sou kategori swa:

- Sèvis ochwa
- Lòt Sèvis
- Swen Aktif Pwolonje
- Sèvis Sante Konpòtmantal

MGB ka refize asiste yon pasyan sèvis ki pa bezwen sèvis ijans, swen ijans nan ka kote MGB pa reyisi detèmine ke yo pral peye pou sèvis li yo. Dapre [Seksyon III\(F\)\(2\)](#) pi ba a, pasyan ki gen Health Safety Net Full ak Health Safety Net Pasyèl yo ap sipoze elijib pou Asistans Finansye- pasyan yo pral kapab chèche swen pou sèvis elijib (pa [Seksyon III\(C\)](#)) san yon Aplikasyon pou Asistans Finansye. Yo ka ranvwaye sèvis yo detèmine ki pa nesèsè sou plan medikal jiskaske yo ka fè aranjman pou peman apwopriye. Sa yo gen ladan yo, men se pa sa sèlman:

- chiriji Estetik
- sèvis sosyal, edikasyonèl ak pwofesyonèl

C. Akizisyon ak Verifikasyon Enfòmasyon sou Pasyan yo

- MGB pral fè efò dilijan pou idantifye pozitivman tout pasyan yo epi jwenn, anrejistre, ak verifye enfòmasyon demografik e finansye konplè pou chak pasyan k ap chèche swen.
- Enfòmasyon pou jwenn yo pral gen ladan enfòmasyon demografik (tankou non pasyan, adrès, nimewo telefòn, nimewo sekirite sosyal si sa aplikab, sèks, dat nesans ak idantifikasyon pasyan ki aplikab), ak enfòmasyon asirans sante (ki gen ladan non ak adrès, enfòmasyon sou abònman, ak enfòmasyon sou benefis tankou kopeman, franchiz, ak montan ko-asirans) ase pou garanti peman pou sèvis yo.

- Egzijans pou MGB jwenn enfòmasyon konplè yo pral toujou apeze pa kondisyon pasyan an, ak bezwen swen sante imedya pasyan an pran priyorite.
- Se responsablite pasyan an pou l bay enfòmasyon konplè epi ki ajou sou asirans ansanm ak enfòmasyon demografik yo epi konnen ki sèvis ki kouvri nan kontra asirans yo.

D. Responsablite Pasyan an

Se responsablite pasyan an pou:

- Bay enfòmasyon konplè sou asirans ak demografik e atan epi enfòm MGB, (ak Eta a si pasyan an nan yon Pwogram Eta) sou nenpòt chanjman nan asirans yo oswa enfòmasyon demografik yo ki gen ladan, men pa limite a, chanjman nan revni oswa sitiyasyon asirans.
- Aplike pou pwoteksyon atravè nenpòt pwogram gouvènman an patwone pou li ka kalifye epi kenbe l, tankou soumèt tout dokiman obligatwa yo nan delè yo mande yo. Tout pasyan yo ta dwe jwenn epi kenbe kouvèti asirans yo si gen kouvèti abòdab ki disponib pou yo.
- Enfòm MGB sou nenpòt ki potansyèl pwoteksyon pou Aksidan Veyikil, kouvèti Responsablite tyès pati, oswa kouvèti asirans Konpansasyon Travayè ([Seksyon IV\(D\)](#) epi [Seksyon V\(F\)](#)).
 - Pou pasyan ki gen pwoteksyon yon Pwogram Eta a, ranpli yon reklamasyon pou konpansasyon, si sa disponib, konsènan nenpòt aksidan, blesi oswa pèt epi fè Pwogram Eta a konnen (pa egzanp, Biwo Medicaid ak Health Safety Net) nan lespas dis jou enfòmasyon ki gen rapò ak nenpòt pwosè oswa reklamasyon asirans ki pral kouvri pri sèvis MGB bay yo.
 - Anplis de sa, pasyan an oblije bay dwa ak yon peman pa mwayen yon tyès pati ki pral kouvri depans sèvis yo peye pa Biwo Medicaid Massachusetts oswa Health Safety Net.
 - Eta New Hampshire pa ka peye bòdwo pou kouvèti veyikil a motè yo. Pasyan yo gen opsyon pou yo voye fakti a bay asirans medikal yo oswa pou yo peye l pou pwòp tèt pa yo.
- Fè efò rezonab pou w konprann limit kouvèti asirans yo ansanm ak limit rezo a, limit kouvèti sèvis yo ak responsablite finansye akòz kouvèti asirans limite, kopeman, ko-asirans ak franchiz.
- Swiv rekòmandasyon asirans, pre-otorizasyon, ak lòt règleman jesyon medikal, kote sa aplikab.
- Ranpli nenpòt lòt egzijans anrapò ak asirans, ki gen ladan, men pa sèlman, ranpli fòm kowòdinasyon benefis yo, aktyalize enfòmasyon sou manm yo, aktyalize enfòmasyon doktè yo.
- Peye ko-peman, dediktib, ak kantite lajan ko-asirans yo alè.
- Bay mizajou sou kalifikasyon demografik, asirans ak HSN, ak done dediktib yo alè chak ane.

E. Règleman Kont diskriminasyon

MGB pap fè diskriminasyon sou baz ras, koulè, orijin nasyonal, sitwayènte, etranje, relijyon, kwayans, sèks, idantite sèks, oryantasyon seksyèl, laj, oswa andikap, nan règleman li yo, oswa nan aplikasyon règleman li yo, konsènan akizisyon ak verifikasyon enfòmasyon finansye, depo preadmisyon oswa pretretman, plan peman, admisyon difere oswa rejte, oswa kalifikasyon pou Health Safety Net.

IV. Faktirasyon Pasyan ak Rekouvremen

A. Prezantasyon

Lopital Swen Entansif yo ak lòt founisè MGB yo pral fè efò dilijan pou kolekte tout frè konpayi asirans yo dwe dapre estanda endistri ki etabli yo epi yo pral chèche aplike peman ak ajisteman kontra yo alè sou kont pasyan an. Efò sa yo genyen ladan yo voye bòdwo tout plan asirans ki disponib yo dapre egzijans moun ki peye yo ak swivi atan pou reklamasyon yo refize yo. Pasyan oswa lòt garan yo pral responsab pou tout balans kont ki rete apre aplikasyon tout peman asirans, ajisteman kontra yo, ak rabè/ajisteman yo te dakò annakò ak nenpòt avi sou remèt lajan yo resevwa nan men moun ki peye a eksepte kote yo ka soumèt balans lan bay HSN oswa yo jije egzante de aksyon rekouvremen dapre règleman eta a. Aksyon rekouvremen yo ka gen ladan deklarasyon pasyan yo, lèt pasyan yo, kontak telefòn ak avi final rekouvremen sètifye.

B. Faktirasyon pou Pasyan

MGB gen yon pwosesis ki konsistan pou soumèt epi fè rekouvremen peman pou sèvis nan Lopital Swen Entansif ak lòt Founisè MGB yo (gade [Anèks A](#) pou lis konplè a). MGB pral swiv pwosedi rekouvremen/faktirasyon sa a:

- Yo voye yon premye bòdwo bay pasyan an oswa pati ki responsab obligasyon finansye pèsonel pasyan an (pa egzanp, tyès pati ki peye)
- MGB pral voye bòdwo ki vin apre yo, apèl nan telefòn, lèt rekouvremen, notifikasyon imèl, oswa nenpòt lòt metòd kominikasyon MGB anplwaye (gade [Seksyon IV\(C\)](#)) ki reprezante yon efò otantik pou kontakte pati ki responsab bòdwo ki poko peye.
- Nou pral eseye kolekte yon balans ki pa peye pandan 120 jou apati dat yo voye premye bòdwo a.
- Apre 90 jou, yo pral voye yon dènye avi pou rekouvremen an. Kont Depatman Ijans ki plis pase \$1000 pral voye pa lapòs sètifye.
- N ap kenbe prèy efò sa yo annakò ak règleman entèn yo= pou kenbe dokiman yo.

C. Deklarasyon Pasyan, Lèt ak Apèl

Lopital Swen Entansif yo ak lòt founisè MGB swa dirèkteman oswa atravè ajan li yo deziyen, pral prepare oswa poste deklarasyon pou pasyan yo regilyèman pou avize yo sou sa yo dwe. Nan nivo posib, pasyan an ap resevwa yon rezime tout frè, peman ak ajisteman ansanm ak premye fakti pou chak dat sèvis yo. An jeneral, pasyan yo ta dwe resevwa kat (4) deklarasyon oswa lèt san papyè oswa plis pandan yon sik bòdwo ki ka dire omwen 120 jou depi pa gen lòt bagay ki montre gen lòt bòdwo ki pa rekòmande.

1. Apèl ak Lèt Rekouvremen

Lopital Swen Entansif yo ak lòt founisè MGB yo pral fè efò rezonab pou fè rekouvremen tout dèt yo dwe MGB. Efò pou fè rekouvremen an pral varye selon yon kantite faktè ki gen ladan, men pa limite ak sa sèlman, balans kont yo ak istorik rekouvremen an anvan pasyan an. Lòt efò pou fè rekouvremen yo ka gen ladan yo rele pasyan yo nan telefòn, voye imèl ak lèt pou konplete pwosesis deklarasyon woutin pasyan jan sa dekri nan [Seksyon IV\(B\)](#). Nan degre sa posib, apèl ak lèt sa yo ap gen ladan yo rapèl konsènan disponiblite asistans finansye.

2. Notifikasyon Disponibilite Asistans Finansye

Deklarasyon pasyan yo ap gen ladan nenpòt avi ki obligatwa dapre règleman yo pou enfòmasyon pasyan yo sou disponibilite ak mwayen pou jwenn asistans finansye. Lang ak kontni avi sa yo pral konfòme yo ak règleman Biwo Egzekitif Sante ak Sèvis Imen (EOHHS) ak règleman IRS 501(r). Avi konsènan disponibilite asistans finansye yo pral enkli tou nan tout lòt komunikasyon pasyan alekri ak vèbal nan degre sa posib. Pou plis enfòmasyon, tanpri gade nan [Asistans Finansye pou Pasyan Ki pa Gen Asirans](#).

3. Pasyan yo Pwoteje kont Aksyon Rekouvremant

Lopital Swen Entansif ak lòt founisè MGB pral pran mezi rezonab pou asire ke pa gen okenn aksyon rekouvremant, ki gen ladan l apèl telefòn, deklarasyon oswa lèt, yo inisye pou balans pasyan sa yo ki ka egzante de aksyon rekouvremant dapre règleman, ki gen ladan yo pasyan yo detèmine ke se yon Pasyan ki Gen Revni ki Fèb pa Biwo Medicaid la (eksepte pou Pasyan ki gen Fèb Revni Ki Bezwen Sèlman Swen Dantè), oswa ki enskri nan MassHealth, Plan Sekirite Medikal Children's (Children's Medical Security Plan, CMSP) ak yon revni fanmi MAGI ki egal oswa mwens pase 300% FPG, NH Medicaid ak yon revni fanmi MAGI ki egal oswa mwens pase 250% nan FPG, Èd Ijans pou granmoun aje, andikapè, ak timoun (EAEDC), ak Health Safety Net (plen oswa pasyèl).

- Si yo detèmine ke yon pasyan te enskri nan youn nan kategori sa yo, lè sa a tout aksyon rekouvremant (eksepte ko-peman ki aplikab ak dediktib, Salè ki rabese pou Medicaid ak dediktib HSN) ak pasyan an ap fèmen pou sèvis ki te fèt pandan peryòd kalifikasyon pasyan an.
- Aksyon rekouvremant yo pral sispann tou pou toutotan pasyan an detèmine li se revni ki ba si balans lan soti nan yon peryòd kote pasyan an pa te enskri nan yon pwogram ki kalifye.
- Lopital Swen Entansif ak lòt founisè MGB ka kontinye voye lèt ki mande enfòmasyon oswa aksyon pasyan an pou rezoud pwoblèm pwoteksyon ak/oswa kalifikasyon ak yon moun ki peye prensipal, Pwogram Konpansasyon Travayè oswa pou jwenn nenpòt enfòmasyon sou Responsabilite tyès pati oswa konpayi asirans MVA.

4. Avi rekouvremant Final

Lopital Swen Entansif ak lòt founisè MGB pral fè efò rezonab pou voye yon avi rekouvremant final bay chak pasyan anvan yo retire kont lan kòm Move Dèt. Nan pifò ka yo, avi rekouvremant final lan ap parèt sou deklarasyon garanti a (pati responsab).

5. Sispansyon nan Faktirasyon

Nan sèten sitiyasyon, kontinye fakti ak aktivite rekouvremant yo ka pa apwopriye epi yo ka sispann oswa sispann. Sitiyasyon konsa gen ladann, men se pa sa sèlman: Move adrès ([Seksyon IV\(C\)\(7\)](#)), Ka Kayit ([Seksyon IV\(D\)\(1\)](#)), pasyan ki mouri ([Seksyon IV\(D\)\(2\)](#)), plent pasyan oswa pwoblèm sèvis kliyan, Ti Balans ([Seksyon IV\(C\)\(8\)](#)), oswa annatant detèminasyon MassHealth/Medicaid oswa verifikasyon salè ki fèb ([Seksyon V\(E\)\(5\)](#)).

6. Move Dèt Emèjan

Pou ka sa yo kote yo konsidere yon kont pou aplikasyon nan HSN kòm Move Dèt Emèjan, Lopital Swen Entansif ak lòt founisè MGB pral asire kondisyon sa yo satisfè:

- o Kont lan te sijè a aksyon rekouvremant kontinyèl pou yon minimòm de 120 jou.
- o Yo te fè yon ankèt elijiblite nan Sistèm Enfòmasyon Jesyon Medicaid la (MMIS) pou egzamine kouvèti a.

- o Sèvis yo bay yo kalifye kòm Sèvis ijans oswa Swen ijans dapre definisyon ki nan règleman sa a.
- o Yo te voye yon dènye avi sou rekouvremant pa lapòs sètifye pou saldo \$1,000 oswa plis. Kont ki byen dokimante kòm kont Move Adrès yo ka soumèt bay HSN san yo pa voye yon avi rekouvremant final pa lapòs sètifye, depi 120 jou te pase depi premye fakturasyon an epi apre yon efò rezonab, MGB pa t kapab jwenn yon adrès ki ajou. N ap fè tantativ rezonab pou notifye rezidan MA yo ke HSN ka bay detay sou nenpòt reklamasyon ki soumèt bay patwon pasyan an.

7. Retounen pou Move Adrès

Lopital Swen Entansif ak lòt founisè MGB pral fè efò rezonab pou swiv epi reponn a tout deklarasyon pasyan USPS retounen ki pa ka delivre. Yon fwa yo te make yon kont kòm Move Adrès, pa gen okenn lòt deklarasyon oswa lèt yo pral trete sof si yo idantifye yon nouvo adrès. Kont Move Adrès yo pral make nan sistèm Enskripsyon an pou avèti nenpòt anplwaye ki enplike nan pwosesis anrejistremant an pou jwenn yon nouvo adrès nan men pasyan an. Yo ka refere kont ki gen enfòmasyon demografik ki pi resan yo genyen yon Move Adrès bay ajans deyò yo kòm Move Dèt pou plis suivi eksepte ke yo pral swiv kont potansyèl Ijans Move Dèt pandan 120 jou anvan yo mete yo.

8. Ajisteman Ti Balans

Lè MGB rekonèt depans pou tretman ak aktivite rekouvremant deklarasyon yo, MGB ka siprime deklarasyon sou kont ki pi ba pase nivo "faktirasyon ti dola" li a. Menm jan an tou, apre faktirasyon, MGB ka limite aktivite rekouvremant ak rechèch sou ti montan yo epi ajiste kont ki anba nivo "radyason ti balans" yo. Nan okenn ka, ti ajisteman balans yo konsidere anba seksyon sa a pap faktire bay HSN. Nivo balans tipik ki ba a aplike a balans kont garanti ki mwens pase \$10.00.

9. Avi sou Chaj anplis

MGB pral kenbe yon pwosesis pou idantifye tout balans pasyan ki sijè a Health Safety Net Trust Fund Surcharge la jan sa presize nan 101 CMR 614. Yo ap voye faktire pasyan an frè siplemantè yo epi lajan yo kolekte yo y ap remèt yo bay HSN dapre orè yo mande yo san ke Lopital Wentworth-Douglass pa ladan l.

10. Pa gen Balans Faktirasyon

MGB pral kenbe yon pwosesis pou idantifye tout balans pasyan ki, dapre "Lwa San Sipriz nan Lwa sou Apwopriasyon Konsolide 2021 an", pa ta pèmèt pou faktire balans yo. Kont/balans sa yo gen rapò ak bagay annapre yo: (1) sèvis ijans andeyò rezo a; (2) sèvis ki pa ijans pa founisè ki pa patisipe nan sèten etablisman swen sante k ap patisipe yo (sòf si kondisyon pou avi ak konsantman yo satisfè), epi; (3) divilgasyon pwoteksyon pasyan yo kont bòdwo balans (kont notikasyon ak konsantman).

- Sèvis Kontabilite pou Pasyan MGB yo p ap balanse bòdwo pasyan yo pou sèvis yo idantifye ki pa nan rezo a lè yo pa jwenn Avi & Konsantman, oswa nenpòt sèvis oksilyè oswa sèvis eskli ki pa nan rezo a, dapre egzijans NSA ki endike yo.
- Kont Pasyan MGB yo pap voye bòdwo pou pasyan yo pou montan ki pi wo pase kantite lajan peman ki kalifye (QPA) ki endike sou responsablite pasyan an pou reklamasyon ki aplikab yo; balans ki pa faktirab pou pasyan an pral retire lè l sèvi avèk kòd ajisteman NSA ki apwopriye a.

D. Sitiyasyon Espesyal - Faktirasyon

1. Fayit Pasyan

MGB pral fè efò rezonab pou swiv tout notifikasyon Fayit yo epi kenbe yo nan dosye pou asire ke yo swiv tout pwosedi tribinal apwouve yo, enkli depoze reklamasyon ak Tribinal la jan sa apwopriye oswa padon dèt.

2. Pasyan ki mouri

Lè sa apwopriye ak rantab, MGB pral fè rechèch nan byen imobilye, fakti byen imobilye, epi depoze yon privilèj kont byen imobilye a.

3. Aksidan Veyikil Motè (MVA) ak Responsablite tyès pati (MA)

- Yo pral fè efò rezonab pou voye bòdwo konpayi asirans MVA/TPL la pou kolekte nenpòt kantite lajan Pwoteksyon Aksidan Pèsonèl (PIP) ki disponib.
- Reklamasyon asirans yo pral trete apre PIP la fin itilize.
- MGB gendwa depoze yon privilèj tou kont peman Aksidan Kòporèl alavni ke konpayi asirans MVA a fè bay pasyan an si nou kapab etabli non avoka pasyan an k ap jere reklamasyon an.
- Yo pap soumèt reklamasyon yo bay HSN jiskaske yo fin fè efò dilijan pou kolekte balans nan men lòt pati yo fini.
- Nan nivo sa posib, yo pral raple pasyan yo ke yo gen yon devwa pou rapòte nenpòt reklamasyon TPL potansyèl nan 10 jou apre yo fin louvri yon reklamasyon nan Biwo Medicaid oswa HSN. Nenpòt rekouvremant yo resevwa apre yo fin soumèt yon reklamasyon bay HSN pral preleve nan reklamasyon orijinal la epi yo pral rapòte li bay HSN ansanm ak anilasyon oswa retou obligatwa yo.

4. Aksidan Veyikil Motè (MVA) ak Responsablite tyès pati (NH)

Pasyan ki gen kouvèti asirans sante ka chwazi pou MGB voye bòdwo asirans sante yo. Balans yo faktire bay pasyan an pa pral soumèt anba okenn rabè woutin oswa ajisteman. Eta New Hampshire pa ka peye bòdwo pou kouvèti machin.

5. Konpansasyon Travayè

An jeneral, yon reklamasyon Konpansasyon Administrasyon Travayè (WCA) regle nèt ak konpayi asirans WCA a si pwoteksyon an valab. MGB pral fè tantativ rezonab pou pouswiv kouvèti WCA a ki gen ladan l depoze reklamasyon legal yo. Si pa gen pwoteksyon WCA, Lè sa a, reklamasyon an jere nan fason tipik la.

6. Kouvèti Segondè HSN

MGB pral fè efò dilijan pou limite demann reklamasyon yo bay HSN kòm kouvèti segondè nan kont sa yo ke HSN ka kouvri, tankou dediktib, ko-asirans ak sèvis ki pa garanti. Sa gen ladann ka kote yon pasyan fin itilize benefis yo oswa ki enskripsyon ak moun ki peye a pa t aktif nan moman yo te bay sèvis la.

Reklamasyon pou sèvis yo refize akòz yon defo teknik ak reklamasyon an oswa lòt refi teknik jan sa endike nan 101 CMR 613.03(1)(c) pap soumèt bay HSN. Si MGB resevwa yon peman adisyonèl oswa korije sou yon reklamasyon deja soumèt bay HSN, lè sa a y ap soumèt yon reklamasyon korije bay HSN, Lopital Wentworth-Douglass pa ladan l

7. Dediktib pasyèl HSN

MGB ap faktire pasyan yo 100% Dediktib HSN Pasyèl yo pou ane a jiskaske yo faktire frè ki egal ak franchiz anyèl pasyan an, enkli tout montan ki enkli nan plan peman yo. Yo pap soumèt reklamasyon bay HSN jiskaske franchiz pasyan an fin satisfè. Sa gen ladann tout enstalasyon satelit ak Sant Sante Lopital ki ap fonksyone kòm yon pati nan lisans MGB yo ([gade Anèks A](#)).

8. Viktim Krim Vyolan

Pasyan ki soumèt yon aplikasyon nan pwogram Pwokirè Jeneral Viktim Krim Vyolan yo ta dwe notifiye Solisyon Fakti Pasyan MGB a si yo resevwa yon fakti. Depi MGB konnen yo te soumèt yon aplikasyon, yo ap voye tout reklamasyon ki kalifye yo dirèkteman nan Biwo Pwokirè Jeneral la. Si aplikasyon pasyan an annatant, yo ap kanpe fakti yo voye bay pasyan an jiskaske pwosesis aplikasyon an fini. Peman yo resevwa nan men pwogram Viktim Krim Vyolan yo jeneralman konsidere kòm peman konplè.

- Pou w aksede a pwogram sa yo, tanpri vizite:
 - MA: www.mass.gov/massachusetts-victims-of-violent-crime-compensation
 - NH: www.doj.nh.gov/bureaus/victims-compensation-program
 - ME: www.maine.gov/ag/crime/victims_compensation

V. Otorizasyon Finansye

A. Prezantasyon

MGB ap fè efò dilijan pou detèmine responsablite finansye pasyan an pi vit posib pandan swen pasyan an. Lè sa posib, Lopital Swen Entansif yo ak lòt founisè MGB yo pral kolekte ko-peman, dediktib, kantite lajan ko-asirans, oswa depo obligatwa anvan nenpòt ki sèvis livrezon. Pasyan, ki se manm plan sante y ap jere oswa plan asirans ki gen kondisyon aksè espesifik yo responsab pou konprann ak konfòme yo ak kondisyon plan asirans, ki gen ladan referans, otorizasyon, oswa lòt restriksyon 'rezo'. MGB ap mande nenpòt apwobasyon, otorizasyon, oswa garanti peman ki nesesè nan men konpayi asirans lan chak fwa sa posib. Nan kèk sikonstans, tankou livrezon Sèvis Ijans ak Swen Ijans, referans ak otorizasyon sa yo ka fèt apre livrezon sèvis la.

Tout pasyan ki gen yon balans pou sèvis yo pral enfòme sou disponiblite sèvis Konsèy Finansye Pasyan yo pou ede yo ranpli responsablite finansye yo. MGB pral fè tout efò li pou avize tout pasyan yo sou nenpòt responsablite finansye enpòtan anvan livrezon sèvis la nan limit enfòmasyon sa a disponib. Yo pral fè tès depistaj ki konsistan avèk EMTALA anvan aktivite yo pou detèmine responsablite finansye pasyan an.

B. Preparasyon Estimasyon

Pa MGL c. 111 s. 228 pou eta Massachusetts, Lopital Swen Entansif ak lòt founisè MGB yo pral bay pasyan yo si yo mande yo estimasyon nan 2 jou ouvrab apre dat demann lan pou konbyen yon pasyan ka peye pou bagay sa yo (selon plan asirans pasyan an):

- Estimasyon dire sejou lopital la
- Pwosedi medikal yo
- Sèvis swen sante
- Depans potansyèl soti nan pòch yo

Swen Espesyalize

Depatman ki responsab pou bay estimasyon yo ap varye selon kote a, men jeneralman sa enplike Ekip Eksperyans Finansye Pasyan an ak/oswa Konsèy Finansye Pasyan an. MGB pral kenbe yon pwosesis estimasyon pasyan oto-sèvis sou sit entènèt li (www.patientgateway.org) pou ni pasyan ki anrejistre ni pasyan ki pa anrejistre ak aksè nan yon pakèt sèvis dapre règleman sou Transparans Sant pou Sèvis Medicare yo. Gen plis detay konsènan pwosesis estimasyon yo nan Règleman ak Pwosedi pou Estimasyon ki enkli kondisyon espesifik pou bay pasyan an yon estimasyon finalize alekri ansanm ak opsyon peman yo.

1. Estimasyon ak Bònfw

- Pèsonèl Aksè ak Eksperyans Pasyan yo pral bay pasyan ki peye tèt yo yon Estimasyon Bònfw (Good Faith Estimate, GFE) pou konfime pasyan ki peye tèt li pwograme 10 jou oswa plis anvan sèvis la nan twa jou ouvrab apati jou li te pwograme a. Lè yo pwograme l 3 jou anvan sèvis la, nan yon jou ouvrab apre orè a, epi lè yo mande yo, nan lesplas 3 jou."
- Nan sèten senaryo, responsablite pasyan an ki depase kantite estimasyon an pral elimine.
- Estimasyon ak Bònfw ap gen ladan l sa ki annapre yo:
 - a. Kòd dyagnostik
 - b. Kòd sèvis y ap tann nan
 - c. Frè y ap tann nan
 - d. Non pasyan ak Dat nesans
 - e. Deskripsyon atik prensipal oswa sèvis
 - f. Dat atik la oswa sèvis la pwograme
 - g. Non Founisè
 - h. NPI ak TIN
 - i. Adrès founisè a
- Estimasyon ak Bònfw ap gen ladan eksklizyon annapre yo:
 - a. Estimasyon ak bònfw a se jis yon estimasyon e li ka chanje
 - b. Ka gen lòt atik oswa sèvis ki nan estimasyon ak bònfw
 - c. Notifikasyon sou dwa pasyan yo nan diskisyon
 - d. Estimasyon ak bònfw a se pa yon kontra

C. Pasyan Asire yo

- Lopital Swen Entansif yo ak lòt founisè MGB yo pral fè tout efò posib yo pou valide sitiasyon asirans pasyan an epi dapre M.G.L. c. 111 s. 228 pral fè pasyan an konnen si founisè a pa nan plan avantaj pasyan an (sa vle di, founisè a pa sou kontra). MGB pral ede pasyan an tou pou li konfòme li ak egzijans plan asirans sante li a, annakò avèk prensip ki deja dekri nan [Seksyon III\(D\)](#).
- Chak fwa sa posib, verifikasyon sa a pral gen ladan l yon detèminasyon sou responsablite finansye pasyan an espere, ki gen ladan l ko-asirans aplikab, franchiz, ak ko-peman oswa balans ou peye poukont ou.
- Lè sa posib epi klinikman apwopriye, yo pral mande pasyan peman nenpòt montan predetèmine (ko-peman, dediktib fiks) anvan oswa nan moman sèvis la.
- Nan kèk ka, plan asirans pasyan an ak kalite pwoteksyon li ka pa pèmèt yo detèmine responsablite finansye pasyan egzaktemn an pou sèvis yo nan moman enskripsyon an. Nan ka sa yo, MGB ka mande yon depo ki egal ak pi bon estimasyon responsablite finansye pasyan an.

- Yo ka refere peman pasyan ki pa kapab yo bay sèvis Konsèy Finansye Pasyan an ak [Asistans Finansye ak Règleman sou Rabè pou Pasyan ki pa Gen Asirans lan](#).

1. Plan Asirans sou Kontra

Kontra MGB ak yon gwo kantite plan asirans. Nan ka sa yo, MGB ap chèche peman nan men plan asirans lan pou tout sèvis ki garanti yo.

- Y ap mande pasyan pou peman tout kopeman, dediktib, ak montan ko-asirans anvan livrezon sèvis la.
- Si konpayi asirans lan detèmine yon sèvis patikilye pa kouvri oswa otreman yo rejte peman an, lè sa a, peman pou sèvis sa a pral chèche dirèkteman nan men pasyan an dapre kontra asirans ki enpòtan an.
- Chak fwa sa posib, MGB pral ede pasyan an nan fè apèl kont refi oswa lòt jijman negatif ak plan asirans yo rekonèt ke plan asirans lan souvan mande pou apèl sa yo dwe fèt pa pasyan an.

2. Plan Asirans ki pa gen kontra

- MGB pral pwolonje koutwazi pou faktire konpayi asirans yon pasyan nan ka sa yo kote MGB pa gen yon kontra ak yon konpayi asirans, lè yo jwenn otorizasyon oswa yo konnen pasyan an gen benefis andeyò rezo a.
- Pandan ke MGB pral voye bòdwo plan asirans pasyan an, responsablite finansye final la se nan men pasyan an oswa garanti a epi si konpayi asirans lan pa reponn bòdwo a nan yon fason apwopriye sa ka lakòz pasyan an resevwa bòdwo a dirèkteman pou sèvis yo, eksepte nan ka sa yo kote pasyan an pwoteje kont aksyon rekouvremen ([Seksyon IV\(C\)\(3\)](#)).
- Balans ki rete apre nenpòt peman asirans yo ka voye bòdwo bay pasyan an.
- Chak fwa sa posib, MGB pral ede pasyan an nan fè apèl kont refi oswa lòt jijman negatif ak plan asirans yo rekonèt ke plan asirans lan mande pou apèl la dwe fè pa pasyan an.

3. Avi ak Konsantman

- MGB ap bay Avi & Konsantman pou pasyan li yo nan konfòmite avèk Avi a & Kondisyon pou konsantman Lwa Sèvis Sante Piblik la (Lwa PHS), ki gen ladan:
- Anplwaye Aksè Pasyan MGB yo pral idantifye sèvis founisè ki pa patisipan yo ki anba egzijans Avi "No Surprises Act" (NSA) & Konsantman[1] yo, epi bay ak jwenn Avi & Konsantman nan delè ki anba yo annakò ak egzijans NSA ki endike yo:
- Si randevou a pran plis pase 72 èdtan anvan sèvis yo founi, yo pral bay dokiman Avi ak Konsantman yo pa pita pase 72 èdtan anvan atik yo oswa sèvis yo dwe founi.
- Si moun nan pran yon randevou pou atik oswa sèvis ki enpòtan yo nan lespas 72 èdtan apre dat yo dwe bay atik ak sèvis yo, y ap bay dokiman sa yo jou randevou a.
- Nan yon sitiyasyon kote yo bay yon moun Avi a & Dokiman konsantman jou yo dwe founi atik yo oswa sèvis yo, enkli pou sèvis apre estabilizasyon yo, dokiman yo pral bay pa pita pase 3 èdtan anvan yo founi atik oswa sèvis ki enpòtan yo.
 - o Anplwaye Aksè Pasyan MGB yo pap bezwen Avi & Konsantman pou sèvis kote Avi & Konsantman pa aplikab, dapre egzijans NSA ki endike yo (sa vle di ijans, oksilyè).
 - o Anplwaye Aksè Pasyan MGB yo pral bay fòm Avi ak Konsantman fizikman apa de lòt dokiman yo e li pa enkòpore ak lòt dokiman.

D. Pasyan ki pa gen asirans (Peye poukont yo)

Pasyan ki pa gen asirans sante epi yo pa te detèmine anvan pou yo apwouve l pou Asistans Finansye, oswa yon Pasyan ki gen Revni ki Fèb jan sa deklare nan [Seksyon V\(E\)](#), yo pral mande pou fè yon depo davans pou sèvis ki pa oblije fèt pa EMTALA yo.

- Depo a pral egal a 100% nan frè yo estime pou sèvis yo dwe bay la, mwens nenpòt rabè (gade [Seksyon V\(E\)](#)).
 - Nan ka sa yo, kote yon estimasyon egzak sou chaj yo pa posib, MGB ka kolekte yon kantite lajan depo pre-detèmine oswa chache lòt garanti pou peman.
- Si pasyan an pa bay depo a oswa endike yon enkapasite pou peye depo a, lè sa a, yo ka refere pasyan an bay sèvis [Konsèy Finansye Pasyan](#).
- Konseye Finansye Pasyan an ka bay enfòmasyon sou nenpòt pwogram Asistans Finansye ki disponib pou yo.
- Moun ki abite ki pa gen asirans y ap ofri Konsèy Finansye pou detèmine kalifikasyon yo pou nenpòt nan Pwogram Leta ki disponib oswa lòt pwogram gouvènman patwone, epitou pou bay enfòmasyon pou ede pasyan an aplike pou pwogram sa yo.
 - Pwogram leta yo enkli, men yo pa limite ak sa sèlman: Medicaid, ConnectorCare, Plan Sekirite Medikal Timoun, Health Safety Net
 - Si pa gen okenn nesite imedyat pou bay sèvis yo, yo ka ranvwaye oswa anile sèvis admisyon oswa pou pasyan ekstèn jiskaske pasyan an kapab peye, fè aranjman finansye apwopriye, jwenn asirans, oswa vin enskri nan yon pwogram asistans finansye ki pral kouvri sèvis la.

E. Pasyan ki Gen Revni ki Fèb (Rezidan Massachusetts)

1. Definisyon ak Elijiblite

- Yo defini Pasyan ki Gen Revni ki Fèb yo kòm moun ki satisfè kritè ki nan MA 101 CMR 613.04(1).
- Anjeneral, sa a gen ladan l pasyan ki abite nan Massachusetts ki te aplike pou pwoteksyon avèk EOHHS epi ki gen yon Revni Brit Ajiste Modifye MA (MAGI) verifye ki egal oswa mwens pase 300% Gid Povrete Federal (FPG).
- Yo pral verifye estati kalifikasyon yon Pasyan pou kouvèti anba nenpòt pwogram (Medicaid, Health Safety Net, ak Children's Medical Security Plan (CMSP) ki enferyè a 300%) nan moman enskripsyon an.
- Limit ki endike nan seksyon sa a pou Pasyan ki gen revni ki fèb yo obligatwa pou sèvis nan Lopital Swen Entansif (gade [Anèks A](#)) ak Sant Sante ki kalifye federalman nan Massachusetts epi jeneralman yo ekskli sèvis nan pratik ki afilye yo, lopital nan New Hampshire, McLean Hospital, ak Spaulding Rehabilitation Network. Rabè pou sèvis nan antite sa yo enkli nan Règleman Asistans Finansye ak sou Rabè pou Pasyan ki pa Gen Asirans.

Pasyan ki gen fèb revni (rezidan New Hampshire)

- Revni brit New Hampshire egal oswa mwens pase 250% direktiv federal povrete yo.
- Revni brit WDH Dental Center egal oswa mwens pase 300% direktiv federal povrete yo.

2. Limit Sèvis yo

Pasyan yo idantifye kòm Pasyan Revni ki ba yo pral, nan mezi sa posib, benefisye sèvis ki koyeran avèk gid kouvèti swa HSN oswa Medicaid ki gen ladann limit "sèvis ki elijib" (dapre règleman eta a ak fòmilè medikaman ki aplikab yo).

3. Difikilte Medikal HSN

Yon rezidan Massachusetts nan nenpòt nivo revni ka kalifye pou HSN Medical Hardship si depans medikal akseptab yo depase revni fanmi an ki depase kapasite yo pou peye pou sèvis elijib yo. Pwogram retwospektiv sa a konfòm ak règleman yo, ki limite nan dimansyon, se yon detèminasyon anyèl inik, epi li pa yon kategori kouvè (101 CMR 613.05). Pwogram sa a ka aplike pou sèlman apre livrezon sèvis la lè pasyan an gen yon responsablite finansye.

a. Kalifikasyon pou depans

Kalite ak kantite depans medikal akseptab yo espesifye nan 101 CMR 613.05. Yo ka soumèt bòdwo ki peye ak sa ki poko peye yo ak dat sèvis jiska 12 mwa anvan dat aplikasyon an ak yon limit 2 aplikasyon nan yon peryòd 12 mwa.

b. Tretman Demann yo

MGB pral ede pasyan an nan kolekte tout enfòmasyon ki aplikab yo epi li pral soumèt aplikasyon pou Medical Hardship (Difikilte Medikal) bay HSN pou revize e apwouve oswa bay pasyan an enfòmasyon ki nesesè pou aplike. Pasyan yo gen responsablite pou kolekte epi soumèt dokiman sou tout depans medikal yo kalifye yo. MGB oblije soumèt aplikasyon an bay HSN 5 jou apre li resevwa tout dokiman ak verifikasyon nan men pasyan an.

c. Detèminasyon

HSN ap detèmine kalifikasyon pasyan an pou pwogram nan epi l ap fè MGB konnen ki bòdwo pasyan an responsab epi ki bòdwo yo ka soumèt bay HSN. Detèminasyon Difilte Medikal yo limite ak bòdwo ki mache ak aplikasyon an. Pa gen peryòd elijiblite epi yo ka itilize bòdwo yon fwa sèlman pou sipòte yon aplikasyon.

d. Pasyan yo Pwoteje kont Aksyon Rekouvremant

Tout aksyon rekouvremant yo pral sispann pou tout montan ke HSN detèmine ki kalifye pou pwoteksyon anba Medikal Difilte. Sa gen ladann montan ki te ka bay yon ajan ekstèn oswa yon ajans rekouvremant k ap travay nan non MGB. Si MGB pa aplike nan lespas 5 jou apre li fin resevwa tout verifikasyon nan men pasyan an, lè sa a tout balans ki ta ka kalifye anba Difilte Medikal yo pwoteje kont aksyon rekouvremant.

4. Responsablite Finansye Pasyan ki Gen Revni ki Fèb

Responsablite finansye pou yon Pasyan gen revni ki fèb limite a kopeman (nan men nenpòt moun ki peye eksepte Medicare) oswa franchiz HSN detèmine.

a. Ko-peman famasi

Pasyan ki gen revni ki fèb ki gen plis pase 18 an yo responsab pou kopeman pou sèvis famasi yo. Dapre règleman jeneral yo, yo pral mande ko-peman nan moman sèvis yo. Ko-peman ki poko peye yo pral trete kòm yon responsablite pasyan epi yo pral kolekte yo annakò ak pwosesis tipik pou peye pwòp tèt yo.

b. Depo pou Pasyan ki Gen Revni ki Fèb yo deziyen kòm HSN Pasyèl oswa Difikilte Medikal

Yo pral mande depo nan men pasyan sa yo depi se kouvèti prensipal la pou montan disponib pou tout sèvis ki pa sèvis ijans oswa swen ki pa ijan men ki nesèsè medikalman ([Seksyon III\(B\)\(2\)](#)). Y ap revize sitiyasyon aktyèl la nan dediktib fanmi anyèl pasyan an epi yo ka kolekte yon depo nan dediktib anyèl pasyan an, oswa kontribisyon pou difikilte.

c. Plan Peman

Pasyan ki gen revni ki fèb yo pral fè konnen disponiblite plan peman yo pou satisfè tout montan yo louvri dapre kondisyon ki espesifye nan [Seksyon VI\(B\)](#).

d. Sèvis ki pa elijib

Pasyan ki gen revni fèb yo pral oblije peye pou nenpòt sèvis ki pa elijib, ki gen ladan, men pa limite a, Sèvis Sterilite, Sèvis Kosmetik, oswa sèvis podyat ki pa nesèsè medikalman ([Seksyon III\(B\)\(2\)](#)), davans, depi pasyan an enfòm sou pri maksimòm sèvis sa yo epi li siyen yon rekonesans ke HSN oswa nenpòt lòt pwogram asistans Massachusetts pa kouvri sèvis yo. Sèvis yo pral repòte jiskaske peman an fèt dapre enstriksyon ki nan [Seksyon III\(B\)\(2\)](#).

e. Lopital Sante Konpòtmantal ak Reyabilitasyon

Responsablite finansye pou sèvis sa yo kouvri nan Règleman Asistans Finansye ak Rabè pou Pasyan ki pa Gen Asirans.

5. Antant Detèminasyon Siti yo

Anjeneral, pasyan ki MGB te soumèt yon aplikasyon pou yon pwogram leta oswa lòt gouvènman patwone yo ap kenbe bòdwo yo pou jiska 30 jou ann tann yon detèminasyon. Apre 30 jou yo ka trete yo kòm Self Pay jiskaske yo pran yon detèminasyon. Yo ka anile egzijans pou depo yo annatandan yon Konseye Finansye Pasyan an fè konnen aplikasyon pasyan an konplè epi li ap tann yo apwouve l.

F. Sitiyasyon espesyal pou otorizasyon finansye – Anrejistreman ak Responsablite Finansye Pasyan

Nan kèk sikonstans, plis enfòmasyon oswa pwosedi yo ka bezwen pou sipòte pwosesis reklamasyon pasyan an.

1. Konpansasyon Travayè

Sèvis ki gen rapò ak aksidan endistriyèl yo dwe byen idantifye nan moman enskripsyon an. Lòt enfòmasyon ki nesèsè nan men pasyan an gen ladan dat ak lè aksidan an, non anplwayè a ak nimewo telefòn, ak konpayi asirans konpansasyon travayè anplwayè a ak nimewo telefòn. (Gade [Seksyon IV\(D\)\(5\)](#) konsènan soumèt reklamasyon yo bay konpayi asirans konpansasyon travayè yo anvan yo soumèt HSN.)

2. Aksidan Veyikil Motè (MVA) ak Responsablite Tyès Pati a

Sèvis ki gen rapò ak yon aksidan machin oswa lòt responsablite yon tyès pati ta dwe idantifye kòm sadwa nan moman enskripsyon an. Yo pral fè efò dilijan pou kolekte enfòmasyon adisyonèl ki nesèsè pou soumèt reklamasyon MVA yo ki gen ladan dat ak lè aksidan an, kote sa te pse nan ka responsablite tyès pati, nenpòt konpayi asirans otomobil li te ye (eksepte nan New Hampshire (NH) kote MGB pa ka soumèt reklamasyon bay konpayi asirans MVA a), ak non nenpòt avoka ki asosye

ak reklamasyon an (si li disponib). (Gade [Seksyon IV\(D\)3](#)) konsènan soumèt reklamasyon bay transpòtè responsablite MVA nan MA anvan soumèt HSN.)

- Nan NH, reklamasyon an pral depoze ak asirans medikal pasyan an oswa voye bòdwo dirèkteman bay pasyan an dapre enstriksyon pasyan an. Sèvis yo faktire bay pasyan an pou yon MVA yo pa sijè a rabè (Gade [Seksyon IV\(D\)\(4\)](#)).

3. Viktim Krim Vyolans ak Vyolans sou Fanm (MA)

Sèvis ki gen rapò ak viktim ki tonbe nan kategori sa yo ta dwe idantifye kòmsadwa nan moman enskripsyon an, ak lè kreyasyon nenpòt pwoteksyon espesyal obligatwa lè sa nesesè. Nan kèk ka, gen yon kantite lajan limite ki disponib nan biwo Pwokirè Jeneral MA, NH ak ME a pou konpanse depans medikal ki pa kouvri pa asirans medikal oswa Health Safety Net. Yo pa dwe faktire viktim VVA yo pou okenn sèvis ki kalifye.

4. Lwa 2010 sou Teknoloji Enfòmasyon sou Sante pou Sante Ekonomik e Klinik (HITECH)

Bay pasyan yo dwa nan moman sèvis yo pou yo mande pou yo pa voye Enfòmasyon sou Sante Pasyan yo (PHI) konsènan yon atik oswa sèvis espesifik nan asirans sante yo pou rezon peman.

- Yo atann pou pasyan an peye nenpòt ki balans an antye nan moman sèvis la oswa lè li resevwa deklarasyon an.
- HITECH sèlman pèmèt pou yo pa faktire pasyan an.
- HITECH anpeche nenpòt divilgasyon enfòmasyon bay yon twazyèm pati nan vizit idantifye a.
*Li pa nye responsablite finansye pasyan an pou peman kont yo.

5. Aplikasyon Konfidansyèl HSN

Yo ka soumèt aplikasyon konfidansyèl nan de sikonstans.

- Minè: Yo ka soumèt aplikasyon konfidansyèl pou minè k ap prezante pou sèvis planin familyal ak sèvis ki gen rapò ak maladi transmisib seksyèlman. Aplikasyon sa yo ka trete selon revni minè a san okenn konsiderasyon pou revni fanmi an.
- Moun ki maltrete oswa ki viktim abi: Moun sa yo ka aplike tou pou pwoteksyon HSN sou baz revni endividyèl yo. Yo ka apwouve pasyan sa yo pou tout seri sèvis HSN kouvri yo.

6. Moun ki san papye

Pasyan yo ka enkyete yo konsènan enplikasyon imigrasyon lè y ap aplike pou estati Pasyan ki Gen Revni ki Fèb.

- Yo ta dwe ankouraje pasyan ki gen mwayen limite pou yo aplike pou yon pwogram leta oswa lòt gouvènman patwone.
- Si pasyan yo kontinye eksprime enkyetid yo, pasyan yo ka transfere bay ajans ekstèn pou konsèy.
- Pasyan ki refize aplike pou asistans yo pral kontinye trete kòm yon moun k ap peye pou tèt yo.
- Sèvis Ijans ak Swen Ijans (ki gen ladan jiska de semèn medikaman ki nesesè pou reponn a menas imedya pou sante pasyan an) ta dwe kontinye bay ([Seksyon IV\(B\)\(1\)](#)).
- Sèvis ki pa sèvis ijans, swen ki pa ijans ([Seksyon III\(B\)\(2\)](#)) yo ka ranvwaye oswa anile jiskaskè pasyan an kapab peye, fè aranjman finansye apwopriye, jwenn asirans, oswa vin enskri nan yon pwogram asistans finansye ki pral kouvri sèvis la.

7. Etid Rechèch

Sèvis ki gen rapò ak etid rechèch yo ta dwe idantifye nan moman enskripsyon an pou sèvis sa a pou asire ke frè pou sèvis sa yo soumèt nan fon rechèch deziyen an. Yo ka faktire asirans sante pasyan an pou frè swen estanda ki gen rapò ak etid la, epi yo ka faktire pasyan an pou ko-peman, dediktib, balans ko-asirans yo.

8. Donatè ògàn yo

MGB pral idantifye donatè ògàn yo nan moman sèvis la epi asire ke reklamasyon pou sèvis sa yo aplike nan asirans apwopriye oswa lòt sous finansman.

9. Pasyan Entènasyonal

Anplis pou swiv pwosedi yo endike pou Asirans ([Seksyon V\(C\)](#)) ak pasyan ki pa gen asirans ([Seksyon V\(D\)](#)) yo, MGB pral fè tout efò rezonab pou rasanble enfòmasyon lokal yo ak adrès pèmanan pou moun ki abite nan peyi etranje epi pran kèlkeswa aksyon adisyonèl ki nesèse yo nan lide pou asire peman davans pou tout sèvis ki pa gen asirans.

G. Evènman Grav ki Dwe Rapòte (Serious Reportable Events, SRE)

MGB rete konfòm ak egzijans bòdwo ki aplikab yo, ki gen ladan règleman Depatman Sante Piblik yo (105 CMR 130.332) pou non peman nan sèvis espesifik oswa readmisyon ke MGB detèmine ki te rezilta yon Evènman Grav ki Dwe Rapòte (SRE). SRE ki pa rive nan Lopital Swen Entansif ak lòt founisè MGB (gade [Anèks A](#)) yo eskli nan detèminasyon sa a pou pa peman. MGB pa chèche touche tou nan men yon pasyan ki gen revni fèb yo detèmine ki elijib pou pwogram Health Safety Net ki gen reklamasyon yo te refize okòmansman nan yon pwogram asirans akòz yon erè faktirasyon administratif nan MGB. MGB kenbe tout enfòmasyon tou an akò ak lwa federal ak leta aplikab sou enfòmasyon prive, sekirite ak vòl idantite.

H. Plasman Move Dèt

Kont yo pral tipikman retire nan move dèt lè efò rekouvremant entèn yo te fin itilize. Sa a anjeneral rive apre kont lan fin konplete sik bòdwo 120 jou li a ([Seksyon IV\(B\)](#)). Gen kèk kont yo ka plase pi bonè pase 120 jou akòz sikonstans atizan, tankou enkapasite pou jwenn garanti a (egzanp, move adrès). Kont nan Move Dèt yo pral jeneralman resevwa plis efò rekouvremant prensipalman pa Ajans rekouvremant ekstèn oswa avoka rekouvremant. MGB pral asire ke tout swivi Move Dèt, kit pa anplwaye entèn oswa yon ajans ekstèn, respekte sa ki annapre yo:

1. Rapò sou Kredi

MGB ak ajan li yo pa rapòte move dèt pasyan yo bay okenn biwo kredi. MGB ak ajan li yo ka itilize sèvis yon biwo kredi pou idantifye evalyasyon kredi yon pasyan nan lide pou detèmine kapasite pasyan an pou ranpli obligasyon finansye yo.

2. Litij

MGB ak ajan li yo ka pouswiv litij kont yon pasyan pou jwenn yon jijman tribinal pou dèt yo dwe MGB. Nan okenn ka yo pa dwe itilize yon òdonans capias (yo konnen kòm yon "atachman kò") ni nonplis yon rediksyon nan salè pou peye kòm yon pati nan yon efò rekouvremant.

3. Lyen Pwopriyete

MGB ap pouswiv atachman, egzekisyon, ak vann pwopriyete a sèlman apre yo fin egzaminen ke pasyan an nesite asistans finansye ak apre apwobasyon Lopital Swen Entansif la oswa lòt CFO Founisè MGB a. Si Biwo Medicaid deziyen pasyan an kòm moun ki gen Revni ki fèb oswa ki kalifye pou nenpòt pwogram asistans, lè sa a, MGB pap chèche egzekisyon legal kont rezidans pèsonel yon pasyan oswa yon garanti san apwobasyon espesifik Konsèy Administrasyon an.

4. Ajans Rekouvremant

- Nenpòt ajans k ap chèche kolekte balans pasyan yo nan non MGB pral oblije konfòme yo ak Règleman sou Kredi ak rekouvremant sa a.
- Y ap rapòte nenpòt plent pasyan yo bay MGB pou l kapab revize ak swiv.
- Tout ajan yo pral konplètman konfòme yo avèk règleman Federal rekouvremant Dèt Ekitab ki aplikab yo ansanm ak règleman sou rekouvremant dèt ke Pwokirè Jeneral Massachusetts kapab detèmine oswa eta apwopriye kote sèvis la te bay la.
- Tout ajans yo pral rapòte nenpòt rekouvremant oswa lòt aksyon kont, enkli desizyon pou sispann efò rekouvremant, alè.
- An jeneral, ajans yo pral sispann efò rekouvremant sou nenpòt kont yo mete ak yo le pli vit ke yo detèmine ke pa gen okenn potansyèl pou rekouvremant ak lè pa gen okenn aksyon oswa peman sou kont lan pou pa plis pase yon ane.

VI. Aranjman Peman

A. Prezantasyon

Peman yo ka fèt nan yon pakèt kote nan tout Lopital Swen Entansif yo oswa lòt Founisè MGB. Aranjman peman pou koleksyon anvan sèvis, plan peman, oswa konsiderasyon peman pasyèl a travè depo. Tout aranjman peman yo pral fèt konfòm ak kritè pre-detèmine.

1. Fòm Peman

- Peman davans ka fèt pa chèk sètifye/bank, transfè (kèk frè ka aplike pou transfè a), oswa kat kredi/debi. Yo pa aksepte lajan kach nan pifò espas lopital yo. Anjeneral, chèk pèsonel ki soti nan bank ameriken yo akseptab pou balans ki mwens pase \$5,000 sof si ou gen yon istorik chèk ki pa bon pou rezon lajan ensifizan. Yo ka mande chèk pèsonel ase lontan davans yon sèvis pwograme pou yo ka jwenn tan pou verifikasyon chèk la. Yo ka revize istorik pasyan ki gen move dèt yo endividyèlman pou detèmine fason apwopriye pou peman yo a.
- Peman pa chèk pèsonel yo ta dwe fèt nan adrès ki sou deklarasyon pasyan an ki gen ladan l nimewo kont konplè pou evite reta oswa pou pa gen erè ki glise.
- Faktirasyon elektwonik ak peman: Anpil lokal MGB yo bay aksè elektwonik nan deklarasyon yo ak peman nan deklarasyon sa yo elektwonikman avèk kat kredi/debi.
- Si yo ap fè apèl kont nenpòt peman davans ak asirans sante yo, yo p ap ranbouse peman davans jiskaske asirans sante a resevwa peman yo nèt.

- Yo aksepte peman lè w rele Sant apèl Patient Billing Solutions (Solisyon Fakti pou Pasyan yo) oswa lòt sant Sèvis Kliyan ki deziyen.
- MGB pral kenbe yon pwosesis pou swiv 'move chèk' ki san pwovizyon yo epi retounen tout peman ki te ka aplike nan kont pasyan an. Soumèt yon 'move chèk' ki san pwovizyon ka yon rezon pou plase kont lan nan move dèt.

2. Deviz

Sòf si yo dakò, peman an pral fèt nan Lajan Ameriken. Y ap aplike yon to konvèsyon sou peman ki fèt nan lajan ki pa ameriken ki espesifye nan bank MGB a, mwens nenpòt frè konvèsyon.

B. Plan Peman

Plan peman san enterè yo disponib pou tout pasyan sou demann. Akseptasyon final yon plan peman depann de yon revizyon konplè sou sitiyasyon pasyan an ak istorik peman an. Yo ka mete plan peman yo sou Patient Gateway oswa lè w kontakte Patient Billing Solutions nan (617) 726-3884. Patient Billing Solutions pral trete epi kontwole tout plan peman pasyan yo. Anjeneral, plan yo pral kouvri balans ouvè nan tout etablisman MGB yo ([Anèks A](#)).

Yo pap chaje okenn enterè sou balans kote yon pasyan te dakò ak yon plan peman epi pasyan an kounye a pase nan peman.

Plan yo pral revize regilyèman pou asire ke tout peman yo ajou. Si yon pasyan rate de peman, MGB ka mete kont lan nan Move Dèt. Lè pasyan an notifiye yon chanjman nan sikonstans finansye, MGB ka reevalye obligasyon peman ki pa gen anpil pasyan an.

Balans ki mwens pase \$100.00 pral otomatikman ajoute nan yon plan peman ki deja egziste, si peman pa mwa a pa ogmante, men li ka pwolonje tèm nan plan peman an. Si peman masyèl la ap ogmante e/oswa nouvo balans (yo) pi gran pase \$100.00 yo p ap ajoute otomatikman balans sa yo nan yon plan peman ki egziste deja. Pati responsab la kapab ajoute nouvo balans yo nan yon peman ki egziste deja atravè pòtay Patient Gateway la oswa lè li kontakte Patient Billing Solutions nan 617-726-3884.

1. Plan Peman pou Dediktib Pasyèl HSN ak Difikilte Medikal

Yo ka egziye yon premye peman ki pi piti pase \$500 oswa 20% nan balans dediktib la, anvan ak tout depo yo aksepte anvan sèvis yo nan ka sèvis ki pa sèvis ijans/swen ki pa ijans yo.

VII. Balans kredi ak ranbousman

Anjeneral, MGB pral ranbouse pasyan yo nenpòt montan kredi, ki ka lakòz lajan depase yo te kolekte nan men pasyan an. Nan ka kote efò pou ranbouse yon balans kredi pasyan/garanti yo pa reyisi, MGB ap remèt montan kredi bay Trezorye Commonwealth Massachusetts la an akò ak règleman Eta a sou pwopriyete abandone yo.

1. Peman anplis ak kredi yo pral aplike dabò nan nenpòt ki balans ouvè ak nenpòt lòt antite ki afilye ak Mass General Brigham, ki gen ladan l kont nan Move Dèt anvan yo trete nenpòt ranbousman, eksepte pou Kosmetik, Dantè, IVF, McLean, ak Mass Eye and Ear. Kredi yo ap ranbouse nan fòm orijinal peman an. Yon chèk ka pran jiska 30 jou apati lè bank la otorize chèk la. Yo ranbouse chèk peman yo tounen bay pati responsab la pou kantite \$999.99 oswa mwens. Nenpòt peman chèk \$1000 oswa plis yo resevwa, yo ap remèt benefisyè a li lè dokiman chèk la disponib. Si dokiman chèk la pa disponib, yo ap bay pati responsab kont lan ranbousman an.

2. Peman kat kredi ki fèt ak yon kat ki fèmèn oswa yon siy ekspire: Pòtay peman an p ap trete yon ranbousman kat kredi si peman orijinal la gen plis pase 18 mwa oswa si kat kredi ki nan dosye a ekspire. Ranbousman sa yo dwe fèt ak yon chèk.
3. Transfè bankè yo mande lòt dokiman ki ka nesesite ranbousman si li konplètman apwouve. Verifikasyon anjeneral mande pou yo retounen lajan yo nan menm kont labank kote yo te debouse lajan an. Verifikasyon sa a anjeneral akonpaye demann lan. Sa a gen ladan l ranbousman Flywire tou.

Ranbousman pou yon Pasyan ki mouri: Ranbousman yo ap fèt konsa:

1. Kat kredi: Yo voye l sou kat kredi a si kat la toujou kapab aksepte ranbousman an.
2. Eritaj: Si te louvri yon dosye eritaj epi li toujou aktif, lè sa a, y ap voye ranbousman an preferableman sou eritaj la.
3. Si balans lan mwens pase \$500 epi pa gen eritaj, lè sa a yo ka bay ranbousman an bay mari oswa madanm li si mari oswa madanm lan idantifye kòm fanmi ki pi pwoch nan dosye a.
4. Si pa gen okenn eritaj epi balans lan \$500 oswa plis, lè sa a, pwochen fanmi/konjwen yo idantifye yo, y ap mande pou l ranpli yon deklarasyon sou sèman anvan yo bay yon ranbousman.
5. Si pa gen byen eritaj epi balans lan se \$500 oswa plis, epi yon manm fanmi ki pa yon mari oswa madanm rele, y ap bezwen louvri yon Eritaj Volontè ki ap Konfime Legalman.

Anèks A: Antite ki asosye nan Mass General Brigham

Règleman sa a aplike pou antite Mass General Brigham sa yo:

Lopital Swen Entansif

Massachusetts General Hospital (MGH)
Brigham and Women's Hospital
North Shore Medical Center (NSMC)
Newton-Wellesley Hospital (NWH)
Brigham and Women's Faulkner Hospital (BWFH)
Martha's Vineyard Hospital (MVH)
Nantucket Cottage Hospital (NCH)
Cooley Dickinson Hospital (CDH)
Wentworth Douglass Hospital (WDH)
Massachusetts Eye and Ear (Sant pou Je ak Zòrèy nan Massachusetts)

Lopital Sante Konpòtmantal

McLean Hospital (MCL)

Lopital ki bay Swen Alontèm

Spaulding Rehabilitation Hospital (Lopital Reyabilitasyon Spaulding) Boston
Spaulding Hospital pou Swen Medikal Pwolonje nan Cambridge (SHC)
Spaulding Rehabilitation Hospital Cape Cod (SCC)

Òganizasyon Doktè

Massachusetts General Physicians Organization (MGPO)
Brigham and Women's Physicians Organization (BWPO)
North Shore Physicians Group (NSPG)

Newton Wellesley Medical Group (NWMG)
Cooley Dickinson Medical Group (CDMG)
Nantucket Medical Group (NMG)
Mass Eye and Ear Associates
Wentworth Health Mass General Brigham (WHP)
Mass General Brigham Community Physicians - gwoup ki gen pwopriyete total yo
Pentucket Medical Associates (PMA)
Mystic Health Care
Swen Adomasil
Mass General Brigham Home Care
Mass General Brigham Ambulatory Care
Mass General Brigham Urgent Care

Sonje doktè ki asosye ak antite sa yo, men ki voye fakti "an prive" yo ankouraje yo, men yo pa oblije swiv règleman sa a. Ou ka jwenn detay nan [lis founisè ki asosye nan Mass General Brigham](#)

Anèks B: Aplikasyon pou Asistans Finansye

Yo ka jwenn Aplikasyon pou Asistans Finansye nan Mass General Brigham la a:

<https://www.massgeneralbrigham.org/content/dam/mgb-global/en/patient-care/patient-and-visitor-information/financial-assistance/documents/assistance-information/english/financial-assistance-application-english.pdf>

Asistans Finansye | Lopital Wentworth-Douglass

Wentworth-Douglass pran angajman pou l bay bon jan kalite sèvis swen sante pou tout moun nan zòn sèvis nou an kèlkeswa kapasite moun lan genyen pou l peye.

<https://www.wdhospital.org/wdh/patients-and-visitors/billing-and-insurance/financial-assistance>

Aplikasyon an disponib nan 10 lang sou www.massgeneralbrigham.org Anglè, Arab, Chinwa, Kreyòl Ayisyen, Endonezyen, Khmer, Pòtigè, Ris, Panyòl, ak Vyetnamyen.

Mass General Brigham
Mass General Brigham Financial Assistance Application

Please print out and complete all sections of the application that apply to you. **This application cannot be completed electronically.** Please read all instructions before completing application.

This application is used to evaluate your eligibility for financial assistance on medical bills from Mass General Brigham providers. You can use this application to apply for help with health care bills from any of the following Mass General Brigham entities:

Massachusetts General Hospital	Massachusetts General Physicians Organization
Brigham and Women's Hospital	Brigham and Women's Physicians Organization
Salem Hospital	North Shore Physicians Group
Newton-Wellesley Hospital	Newton-Wellesley Medical Group
Brigham and Women's Faulkner Hospital	North's Vineyard Hospital
Mass Eye and Ear	Mass Eye and Ear Associates
Nantucket Cottage Hospital	Nantucket Cottage Medical Group
Cosley Dickinson Hospital	Cosley Dickinson Medical Group
Gooding Memorial	McLean Hospital
Wentworth-Douglass Hospital	Wentworth Health Associates

Mass General Brigham Financial Assistance is not considered a substitute for enrolling in any available health insurance program or assistance plan. While the program covers all Medically Necessary Services, discounts vary based on the type of services provided and the location that the care was provided. Please refer to the complete policy on our website for the details on what is covered. A partial list of services that are typically excluded follows:

- Out of Network Denials
- Cosmetic Surgery
- Infertility Services (ART & IVF)
- Most non-medically necessary care including Gastric Bypass Services
- Patient Convenience Items including premium accommodations
- Services that are designated as "Self-Pay Only"

Failure to apply for a government assistance program that you potentially qualify for could result in a delay or denial of your application. If you need help applying for government assistance programs, one of our Mass General Brigham Financial Counselors can help.

You must fully disclose any other coverage, third-party liability claim, motor vehicle coverage or workers compensation coverage to be considered.

If you have any questions on this application, please contact [Patient Financial Services](#) at your hospital or call (617) 726-3884.

Rev 1/21 Page 1 of 7

Anèks C: Rapò, Odit, ak Konfòmite ak Règleman

Règleman sa yo gen entansyon ede asire konfòmite ak règleman eta ki aplikab nan New Hampshire ak Massachusetts ki gen ladan kritè yo pou kredi ak règleman rekouvremen dapre MGL c.58 ak règleman ki gen rapò espesyalman pibliye pa Biwo Egzekitif Sante ak Sèvis Imen MA, 101 CMR 614 ak 101 CMR 613 (Health Safety Net), yo refere apre sa kòm "Règleman Eta a". Anplis de sa, règleman sa a adrese egzijans pou Manyèl Ranbousman Founisè Medicare (Pati 1, Chapit 3) Sant pou Sèvis Medicare ak Medicaid, Kondisyon pou Move Dèt Medicare (42 CFR 413.89 ak Seksyon 501 (r) Kòd Entèn Revni an) jan sa mande anba. Seksyon 9007 (a) Lwa Federal Pwoteksyon Pasyan ak Swen Abòdab (Pub. L. No. 111-148).

MGB pral respekte tout egzijans rapò jan MGL c. 118G ak 101 CMR 613, 614 ak Bilten Administratif ki asosye yo. MGB pral kenbe dosye odityab sou aktivite ki fèt an konfòmite ak kritè ak egzijans 101 CMR 613 ak 101 CMR 614. MGB pral ranpli Règleman sou Kredi ak rekouvremen sa a elektwonikman nan Biwo Medicaid, Health Safety Net jan sa nesèsè lè politik la chanje oswa lè gen chanjman regilasyon ki pibliye pa Biwo Medicaid, Health Safety Net ki mande yon nouvo soumèt politik.

Referans:

MA Regulations 101 CMR 613, 614 and MGL c. 118G.

IRS 501 (r) c